Wikipédia

Basa Slowak

Basa Slowakia iku basa Slavik Kulon sing dituturaké watara 6 yuta wong ing Slowakia lan uga ing Ceko, Kanada, Hongaria, Polen, Rumania, Ukraina lan Amérikah Sarékat. Basa Slowakia gegandhèan raket karo basa Ceska, basa Polen, lan basa Sorbia.

Sajarah

Dhokumèn sajeroning basa Slowakia wiwit muncul ing abad kaping 15, nanging standar sastra sing ditampa kanthi umum tumrap basa Slowakia durung muncul nganti abad kaping 19. Sastra Slowakia tuwuh antara 1918 lan 1938 wektu tlatah tuturan basa Slowakia dadi péranganing Cekoslowakia, sanadyan mayoritas Ceko ora kabèh ngakoni status kapisah basa Slowakia.

Wiwit pisahan Cekoslowakia ing taun 1993, Slowakia wis dadi nagara mardika lan basa Slowakia lan Ceko wis wiwit pisah siji lan sijiné, sanadyan isih tetep bisa silih meruhi.

Ungkapan dhasar

Cathetan: tembung sipat ya iku sajeroning nominatif tunggal maskulin, yèn ana 2 cara pangucapan (resmi/ora resmi), sing formal dipigunakaké. Tekanan tansah ing suku kata pisanan.

- Basa Slowakia (tembung sipat): slovenský (SLOvenskeee) /slovɛnskiː/
- Basa Slowakia (tembung katrangan): po slovensky (POslovenskee) /po slovɛnski/
- halo: dobrý deň (DObreee dyen) /dobriː ɟɛɲ/ Terjemahan harfiah: selamat siyang
- slamet tinggal: dovidenia (DOveedyeniya) /doviɟɛɲi̯a/
- tulung: prosím (Vás) (PROseeem vaas) /prosiːm vaːs/
- matur nuwun: ďakujem (Vám) (DYAkooyem vaam) /ɟakujɛm vaːm/
- iku: tamten (TAMten) /tamtɛn/
- pira?: koľko (KOlko) /koʎko/
- basa Inggris (tembung sipat): anglický (ANglytskeee) /aŋgliʦkiː/
- basa Inggris (tembung katrangan): po anglicky (POanglytskee) /po aŋgliʦki/
- ya: áno (AANO) /aːno/
- ora: nie (niye) /ɲi̯ɛ/
- pakurmatan umum: Na zdravie (NAzdravye) /na zdravi̯ɛ/
- maaf: Prepáčte (PREpaachtye) /prɛpaːʧcɛ/
- aku ora ngerti: Nerozumiem /NYerozoomyem/ (ɲɛrozumi̯ɛm/)
- endi [paturasan (toilet)]?: Kde je [záchod]? (KDYE YE ZAA-khod) /gɟɛ jɛ zaːxot/
- Apa panjenengan wicara [Inggris]?: Hovoríte [po anglicky]? (HOvoreeetye POanglytskee) /hovoriːcɛ po aŋgliʦki/

Pranala njaba

- Pengenalan basa Slowakia (http://www.slovak.com/language/)
- Peta distribusi dhialèk Slowakia (http://www.pitt.edu/~armata/dialects.htm)

Èdhisi Slovak saka Wikipédia, bauwarna bébas

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Slowak&oldid=1486883"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 08.05, 12 Juli 2019.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.